*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæпутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№58 (26510)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 4 апрель – хуымгæнæны мæйы 4 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 ПАРЛАМЕНТЫ СОВЕТÆЙ *Æнтыстыты ратæдзæн – фæллой...*
3 ТЕМАТИКОН ФАРС *Æнцойбон*
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ *Уæззау атлетикæ*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

**Партион архайд**

## Рагагъоммæ хъæлæскæнынад



**УФ-йы Паддзахадон Думæйы депутат ТАЙМАЗТЫ Артур политикон парти «Иугонд Уæрæсе»-йы рагагъоммæ хъæлæскæнынады архайынæн документтæ барвыста (æвзæрстыты агъоммæ хъæлæскæнынады чи архайдзæн, Таймазы-фырт у æртыккаг ахæм адæймаг).**

«Иугонд Уæрæсе»-йы номæй Паддзахадон Думæмæ сентябры саразинаг æвзæрстыты чи архайдзæн, рагагъоммæ хъæлæскæнынады бæрæггæнæнтæм гæсгæ, парти уыцы кандидатты сбæлвырд кæндзæн.

Паддзахадон Думæйы депутат Таймазты Артур у Хæдбар Паддзахæдты Æмхæларад æмæ евразийаг иукæнынады хъуыддæгты, стæй æмбæстæгтимæ бастдзинæдты фæдыл комитеты уæнг.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: æппæтадæмон æргом хъæлæскæнынады фæрцы æппæт къæпхæнты депутаттæм кандидатты иудадзыг рагацау чи равзары æмæ æвзарджытæн хæдбарæй кандидатты номхыгъд саразыны бар чи дæтты, «Иугонд Уæрæсе» у бæстæйы иунæг ахæм политикон парти. 2009 азæй фæстæмæ рагагъоммæ хъæлæскæнынады архайд нымад у партийæ æппæт кандидаттæн æнæмæнг æххæстгæнинаг фæткыл.

Нæ регионы территорийыл регистрацигонд æппæт æвзарджытæн ис «Иугонд Уæрæсе»-йы рагагъоммæ хъæлæскæнынады архайыны бар. Хъæлæскæнынад ацæудзæн электронон уагæй, бæрæггæнæнтæ раст сты æви нæ, уый та «Госуслуги»-йы фæрцы сбæлвырд кæндзысты.

Кандидатты бавдисыны æмгъуыд ахæсдзæн ацы мæйы кæронмæ. Æвзарджыты регистраци кæндзысты 20 апрелæй 29 майы онг, рагагъоммæ хъæлæскæнынад та цæудзæн 25 майæ 31 маймæ.

**САНАТЫ Альбинæ**

**Фыццагкъласонтæ**

## Сывæллæтты нымæц у алыхуызон

**Зындгонд куыд у, афтæмæй фыццагкъласонты скъоламæ дæттыны хъуыддаг райдыдта 1 апрелæй, ахæсдзæн 30 июнмæ, дыккаг уылæн – 5 сентябрмæ. Курдиат онлайн-хуызы бадæттæн ис «Паддзахадон лæггæдтæ»-йы порталы.**

вæрдæр дзыллон фæзынд схонæн нæй. «Ныртæккæ уæддæр уавæр фæнывылдæр ис, рахастæуыд ног скъолатæ аразыны уынаффæ. Афтæмæй фылдæр ны скъолайы бакомкоммæ фæззæджы райдыдта.

Æппæт уыцы хъуыддæгтæ конд цæуынц, цæмæй фылдæр ахуырдзаутимæ скъолатæ равдæлон



Ахуырад æмæ наукæйы ведомствæйы разамонæг **Алыбегты Эллæ** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй ахуырадон кусæндæтты сывæллæтты нымæц алыхуызон у. Зæгъæм, фыццагкъласонты ныййарджытæ æппæты фылдæр курдиæттæ балæвæрдтой «Интеллект», «Эрудит» æмæ «Диалог»-мæ. Уыдон æрбынæттон сты ног микрорайонты.

Уым ныртæккæ сæрæнæй аразынц цæрæн комплекстæ, дзæвгар дзы ис бирæсывæллонджын бинонтæ. Раздæр адæймагмæ афтæ каст, æмæ хъуыддаг æппæт удæнцойдзинæдтимæ баст у, ома, æххæст кусгæ бон, бирæ алыхуызон къордтæ, секцитæ, уæдæ хæринаджы фарстайыл дæр дзæбæх бакуыстой. Алыбегты Эллæ куыд зæгъы, афтæмæй ныртæккæ уыдæттæ ахуыры фадæттимæ баст не сты, фæлæ микрорайон тагъд кæй рæзы, уый сывæллætты нымæц æвдисы.

Министры хъуыдымæ гæсгæ, афтæ дæр рауайы, æмæ ахуыргæнæг вæййы дæсны, сабиты уарзы æмæ йæм ралæуунц рады, фæлæ уый ахуырдзаутимæ скъолатæ равдæлон уыдзысты», – загъта ахуырады ведомствæйы хицау.

«Диалог»-мæ хæстæг арæзт цæуы ног скъола, сцæттæ уыдзæн 2027 азы. Арæзтады фæстæ ахуырдзаутæ уырдæм бацæудзысты. Алыбегты Эллæ куыд радзырдта, афтæмæй уыцы ног скъола уыдзæн æппæты нырыккондæр, йе ‘ддаг бакаст дæр бæрæггонд у, уыдзæн дзы 4 спортивон залы, егъау æмбырдтæаразæн зал, æндæр фадæттæ. Уæдæ 500 бынатимæ скъолайы арæзтад та «Ног горæт»-ы микрорайоуой, ахуырдзаутæн дзы хъæугæ фадæттæ уа. Министр ма рæгъмæ рахаста, ахуыры боны дыккаг хайы скъоладзаутæ цавæр къордты æмæ секциты архайынц, уыцы фарстатæ. Ома, уæлæмхасæн ахуырады Цæгат Ирыстон ис раззагдæр бынаты, сабиты 90 процентыл уæлæмхасæн ахуырад аххæссыд. Кæд æмæ раздæр къордтæ æмæ секцитæ хицæн скъолаты уыдысты, уæд ныры скъолатæ уыдæттæй сты хайджын.

**Нæ уацхæссæг**

**Геолоджы бон**

## Дæсны специалисттæ – куыстад æмæ ахуырады

**Апрелы фыццаг хуыцаубоны геологон наукæтæ æмæ дæсныйадыл хæст адæм бæрæг кæнынц сæ профессион бæрæгбон – Геолоджы бон. Ацы аз у юбилейон, æххæст ыл кæны 60 азы.**

Кæддæры нæргæ Садоны здыйы-цинчы комбинат, Зджыд æмæ Садоны æрзæткъахæнтæ ныр æмырæй лæууынц, уый хыгъд архайд нæ бамынæг республикæйы доломиты куыстгæнæг организацитæ, «Кавдоломит», «Хуырыссæн завод Прогресс», «Доломит», «Гæналдон-Г» æмæ «Феникс Стоун Алани»-йы. Абоны зын экономикон уавæрты дæр сæ рауагъд продукцийы хæрзхъæддзинадмæ фау æрхæссæн нæй, фыццагау, ирыстойнаг доломит канд Уæрæсейы нæ, фæлæ дунейы дæр хуыздæртæй иуыл нымад у. Геологты профессион бæрæгбон ацы аз дæр 5 апрелы бæрæг кæндзысты, къабазмæ бар чи дары, уыдон, семæ, Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институты ахуыргæнджытæ æмæ студенттæ. Уæлдæр ахуыргæнæндоны цæттæ кæнынц, зæххы бын къахæн бынæттæ чи агуры, пайдаджын къахинæгтæ хъæздыгдæр чи кæны, уыцы специалистты. Куыстадон геологи æмæ нефть æмæ газы кафедрæ та у сæ рагондæртæй иу, фарон ын сбæрæг



кодтой йæ сарæзты 85 азы юбилей. Студенттæн специалитет райсынæн æнæхъæн Цæгат Кавказы æрмæст ам ис фадат, хæстæгдæр ахæм кафедрæ ис Ростовы, фæлæ уым дæр цæттæ кæнынц æрмæст бакалаврты.

Бæрæгбоны агъоммæ институты музейы ацыд Геолоджы боны кадæн мадзал, бæрæг та йæ кæнынц æрвылаз дæр. Ацы хатт йæ архайджытæ уыдысты хæххон-геологон факультеты æппæт курсыты студенттæ. Бæрæгбоны арфæтæ ракодтой институты ахуыргæнджытæ æмæ се ’мкурсонтæн, стæй рахызтысты брейнрингæй хъазтмæ. Фондз командæйы уæнгтæ уыдысты ацы уæлдæр ахуыргæнæндоны фондз курсы студенттæ, алы командæйы дæр архайдта фондз адæймаджы. Хъазты сæйраг темæ уыдысты равзæрст дæсныйадимæ баст фарстатæ. Командæтæ равдыстой хорз зонындзинæдтæ, фæуæлахиз та хæлардзинад.

Геолоджы бæрæгбоны фæдыл газет «Рæстдзинад» арфæ кæны, йæ цард æмæ æппæт хъарутæ дæр чи не ‘вгъау кодта æмæ кæны, уыцы адæмæн. Уæ ныфс æмæ хъару уæнт тыхджын, æнæниз æмæ амондджын ут кæддæриддæр!

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

**Æнæниздзинад хъахъхъæнынад**

## Раззагдæр медицинон технологиты фæрцы...

**Хæстæгдæр бонты Дзæуджыхъæуы клиникæ «МЕГА»-йы специалисттæ æххæст кæнын райдайдзысты, абоны онг æрмæстдæр Мæскуы æмæ æндæр центрон медицинон кусæндæтты кæй арæзтой, уыцы урологон операцитæ.**

Сусæггаг нæу, абоны тыхст æмæ зын цард æууæлтæ комкоммæ кæй ахадынц адæймаджы æнæниздзинадыл, уый. Уæлдайдæр та, азтæ куы рацæуы, уæд арæх алыхуызон низтæ тыхсын кæнын райдайынц адæймаджы. Кæй зæгъын æй хъæуы, уый хауы нæлгоймаджы æнæниздзинадмæ дæр. Специалисттæ куыд зæгъынц, афтæмæй Ирыстоны нæлгоймæгты ’хсæн арæх сты урологон низтæ. Æмæ кæд сæ кой рæгъмæ арæх нæ рахастæуы, уæддæр сæвзæргæ уавæр домы, цæмæй тыхст адæймаг райса хъæугæ медицинон æх-хуыс, уыимæ йæ дард горæттæм цæуын ма бахъæуа, фæлæ Дзæуджыхъæуы ссара дæсны дохтырты...



МАЛИКЪИТЫ Ибрагим æмæ Нариман ГАДЖИЕВ операцийы рæстæг

Æппæт уыдæттæ зæрдыл даргæйæ, медицинон клиникæтæй иу – «МЕГА»-йы разамынд фадæттæ сарæзта, цæмæй æппæты нырыккондæр технологиты бындурыл урологон операцитæ райдайой кæнын ацы кусæндоны дæр. Æмæ ныр æппæтдæр – техникон гæнæнтæ, специалистты дæсныдзинад – цæттæ у. 5 апрелы клиникæйы фыццаг ахæм урологон операцитæ скæндзысты «МЕГА»-йы дохтыртæ: Урологты европæйаг иугонды уæнг **Маликъиты Ибрагим**, медицинон наукæты кандидат **Александр Осадчинский** æмæ медицинон наукæты доктор **Нариман Гаджиев**.

Иу ныхасæй, Цæгат Кавказ дæр цæттæ у федералон клиникæты æмвæзадыл вазыгджын урологон операцитæ раззагдæр технологиты бындурыл кæнынмæ. Уый, æнæмæнг, ахсджиаг хъуыддаг у. Нæ дохтырты архайд рæстмæ уæд...

**КАЛМАНТЫ Аслан**

## Дзырды фарн

*Алы адæймаг дæр хъуамæ йæ царды фæнд йæхæдæг кæна.*

*МАМСЫРАТЫ Дæбе*

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **4 апрелы** чысыл рауардзæн. Уæлдæфы температурæ – **9 – 12 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 12,52 | Хурыскаст — 05,38<br>Хурныгуылд — 18,30 | Валютæйы аргъ | Доллар — 80,13<br>Евро — 92,01 | 12 + |

Парламенты Советæй

# Æнтыстыты ратæдзæн – фæллой, æгъдау æмæ уаг




**Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Советы радон æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**

Ацы хатт Советы уæнгтæ се 'мбырд ахастой Рахизфарсы районмæ, Беслæныхъæумæ. Афтæмæй, æмбырды сæйраг фарста уыд "2025 азы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Рахизфарсы муниципалон районы муниципалон сконды фæзуаты национ проекттæ æххæст кæнын, социалон-экономикон рæзты бæрæггæнæнтæ æмæ ацы азы нысантæ".

Уый фæдыл ныхас кодта районы сæргълæууæг **Мырыкаты Хъазыбег**. Куыд загъта, афтæмæй ивгъуыд аз сæ куысты сæйраг нысан уыд районы цæрджытæн, уæлдайдæр сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæн æххуысы мадзæлттæ аразын, адæмы царды уавæртæ хуыздæр кæнын. "Районы цæрджытæй 600 адæймаджы ныртæккæ архайынц сæрмагонд æфсæддон операцийы. Афæдзы дæргъы арвыстам 30 мин тоннæйы гуманитарон æххуыс", – загъта районы разамонæг. Йæ ныхасмæ гæсгæ, ивгъуыд аз районы бюджет æххуысы хуызы райста 1,758 милуан сомы, 2024 азимæ абаргæйæ, къаддæр. Хи æфтиæтæ, уымæй размæйы азимæ абаргæйæ, фæфылдæр сты 95 милуан сомæй. Фæлæ уæддæр бюджет уыд кадаварджын. Афæдзы кæронмæ район æфстау æхцатæй хæс дары 179 милуан сомы. Хæрдзтæн сæ фылдæр уыдысты социалон хæрдзтæ.

Афтæ, бæстон Мырыкаты Хъазыбег æрныхас кодта, районы хъæууон хæдзарад, ахуырад, арæзтад, культурæ æмæ царды иннæ къабæзты районы арæзт цы æрцыд æмæ ацы аз цæуыл кусдзысты, уыцы нысантыл.

Районы экономикон рæзт цы уавæры ис æмæ йæ нысантæ цавæр сты, уый фæдыл ныхас кодта Парламенты промышленность, транспорт, бастдзинад æмæ амалхъомады комитеты сæрдар **Киситы Мурат** æмæ йе 'ргом фылдæр аздæхта æнæлыггонд фарстатæм. Куыд загъта, афтæмæй районы дыккаг аз ныллæгæй-ныллæгдæр кæнынц фосдарынады къабазы бæрæггæнæнтæ. Афтæмæй та хъуыддаг фæнывыл кæнынæн районæн лæвæрд цыд субсидитæ: 2023 азы – 130 милуан сомы, 2024 азы – 118 милуаны æмæ 2025 азы – 75 милуан сомы. Районы иннæ лыггæнинаг фарста – донхорыггæнæн системæ, раздæры азты куыд уыд, афтæ ногæй рацаразын, бар кæм нæй, ахæм ран цæрджытæ бырон кæм калынц, уыцы бырондæттæ бафснайын æмæ æндæртæ. Фарстатæ алыг кæныны хъуыддæгтæ домынц уæлæмхасæн мадзæлттæ.

Парламенты наукæ, ахуырад, культурæ æмæ информацион политикæйы комитеты сæрдар **Еленæ Князева** ныхас кодта, социалон политикæйы фарстатæ районы куыд лыггонд цæуынц, ууыл. Ахуырады фарстайыл ныхас кæнгæйæ, депутат загъта, скъолаты кусæг æрыгон ахуыргæнджыты нымæц районы кæй фæфылдæр. Куыд хуыздæр астæуккаг ахуыргæнæндæттæ, афтæ Цæлыччы æмæ Олгинскæйы скъолатæ фарон рамбылдтой республикæйы Сæргълæууæджы гранттæ. Районы æппæт скъолаты гæнæнтæ дæр дзуапп дæттынц ахуырады нырыккон домæнтæн.

Фарон ацы рæстæг Парламенты Советы уæнгтæ, Рахизфарсы районы уæвгæйæ æмæ йæ социалон-экономикон рæзты бæрæггæнæнтыл ныхас кæнгæйæ, уавæр фæхуыздæр кæнынæн цы уынаффæтæ рахастой, уыдон куыд æххæстгонд æрцыдысты, уый фæдыл уыд йæ раныхас Парламенты закъонæвæрынад, закъонад æмæ бынæттон хиуынаффæйады комитеты сæрдар **Черчесты Асланæн**. Æмæ, депутат куыд бафиппайдта, афтæмæй сæ фылдæр сæххæст кæнын къухы бафтыд. "2029 азмæ æххæстгонд цæудзысты, сæ иумæйаг аргъ 6 миллиард сомæй фылдæр кæмæн у, районы социалон-экономикон уавæр ноджы фæхуыздæр кæныны уыцы мадзæлттæ. Рацараздзысты донуадзæнтæ æмæ донсыгъдæггæнæн хызæгты 120 километры. Зæронд Бæтæхъойыхъæуы, Раздзог æмæ Бруты арæзт æрцæудзысты культурæйы хæдзæрттæ", – загъта Черчесы-фырт.

Раныхæсты фæдыл фарстытæ æмæ фиппаинæгтæ уыд Тускъаты Таймуразмæ, депутаттæ **Цæгæраты Руслан** æмæ **Уататы Зелиммæ**. Парламенты Сæрдары хъуыдымæ гæсгæ, районы разамындæн йе 'ргом фылдæр аздахын хъæуы инвестицион проекттæ æххæст кæнынмæ æмæ сын уыцы нысанимæ зæххы хæйттæ дæттынмæ.

Парламенты Советы æмбырды фæстæ Тускъаты Таймуразæн уыд фембæлд районы спортивон къабазы минæвæрттимæ – тренертæ æмæ сæ хъомылгæнинæгтимæ. Йæ архайджытæ ныхас кодтой, спорт адæймаджы, уæлдайдæр æрыгон адæймаджы царды цы стыр æмæ ахсджиаг бынат ахсы, ууыл. "Тренерты фыдыбæстон скъола у æппæты хуыздæр. Алы чемпион, алы уæлахиздзау спортсменæн йæ æнтыстыты ратæдзæн у тренеры удуæлдай куыст", – загъта Парламенты Сæрдар. Фембæлды рæстæг ныхас цыд спорты алы хуызтæй архайынæн районы хуыздæр гæнæнтæ аразыныл æмæ къабазы æнæлыггонд фарстатыл.

Æмбырды архайджытæн – æнтыстджындæр спортсментæ схъомылгæнæг хуыздæр тренертæн, се 'хсæн – **Дудайты Эльбрус, Коцты Аветто, Наниты Юри, Цъæхилты Таймураз, Бестауты Энвер** æмæ **Уататы Сослан** – лæвæрд æрцыд РЦИ-Аланийы Парламенты Кады гæххæттытæ æмæ РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдары Арфæйы фыстæджытæ.

Рахизфарсы районмæ йæ кусæг балцы рæстæг Тускъаты Таймураз бабæрæг кодта, ног арæзт чи æрцыд, уыцы объекттæ: стадион "Пищевик", БМК-йы Культурæйы галуан æмæ ССР Цæдисы Хъæбатыр Иван Недвижайы номхæссæг Беслæны 2-æм астæуккаг скъолайы "Уæлахизы музей".

Уый фæстæ Тускъаты Таймураз йæ кусæг балцæн хатдзæгтæ скодта æмæ районы сæргълæууæг Мырыкаты Хъазыбегимæ дзуаппытæ ратта дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттты фарстытæн.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

Æмбырд

# Барадхæлдтытæй бахизынæн




**Æнæниздзинад хъахъхъæнынады æмæ цауд фæзындтытæй фæсивæды бахизыны фарстатыл кæм ныхас кодтой, Цæгат Ирыстоны медицинон колледжы уыд «Æнæниз æз – æнæниз бæстæ»-йы темæйыл ахæм æмбырд.**

Ахуыргæнæндоны директор **Реуазты Таймуразы** хъуыдымæ гæсгæ, фæсивæд æнæниздзинад хъахъхъæнынады фарстатæм стыр æргом цæмæй здахой, уымæн ахъазгæнæг амынд нывыл карст æмбырдтæн ис стыр ахадындзинад.

– Æнæниздзинад бахъахъхъæнæн æмæ æвзæр фæзындтытæй дзыллæты бахизæн куыд ис, уыдæттыл студенттимæ ахсджиаг ныхас кæнæм. Мах стæм медицинон къабазы минæвæрттæ æмæ нæ хæс у æнæниздзинад хъахъхъæнынады фарстатæм уæлдай фылдæр æргом здахын, – загъта Реуазы-фырт.

Фæсивæды æхсæн царды æнæниз уаг рапарахат кæнынмæ арæзт чи у, æмбырды архайджытæ ахæм мадзæлттыл æрныхас кодтой. Уæлдай фылдæр æргом аздæхтæуыд наркоманийæ рæзгæ фæлтæр бахизыны фарстатæм. Уымæй уæлдай, барадхæлдтытæй æнахъомты бахизынмæ арæзт чи у, ныхас цыд пъæлицæйы кусджыты архайды ахæм æууæлтыл дæр.

Æмбырды архайдтой нæ республикæйы Национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министрады æмæ Адæмты хæлардзинады хæдзары минæвæрттæ, медакадемийы ахуыргæнджытæ, пъæлицæйы кусджытæ, стæй зындгонд спортсментæ.

**БÆЗЗАТЫ Алинæ**

Ахаст

# Удысконды хуыздæр миниуджытæ

**«Мæ ныхыл мын куыд авæрдтай дæ балцон билет (проездной)?», – схъуыр-хъуыр мыл кодта автобусы шофыр. Уæ цæстытыл ма ауайæд, мæ бандонæй сыстадтæн æмæ кæйдæр нæлгоймаджы ныхмæ бавнæлдтон...**

Раст зæгъгæйæ кæддæр, æрыгонæй, рынчындоны медицинон хойæ куы куыстон, уæддæр искæйы ныхмæ никуы бандзæвыдайын. Кæд мæ адæймаджы тæвд базонын фæндыд, уæд уымæн ис тæвдбарæн... Кæнæ чи зоны, йæ сæр фæцæф, æмæ уæд æндæр ахаст, æндæр бавнæлд хъæуы равдисын... Æмæ афтæ дарддæр.

Мæхи «къулбадæг» кары дæр не 'нкъарын, шофырмæ мæ балцон билет систон, æмæ уымæй хæрдмæ схуад æмæ фæстæмæ зæххыл сæмбæлд. Стæй фæкъæртт æмæ ахæцыд... Арæх афтæ фæхъуыды кæнын, цымæ ма ахæм æнæууылд ныхæстæ кæдмæ бардзынæн? Цымæ йын æмбæлгæ дзуапп цæуылнæ радтон, фæлæ адæймаг хъуамæ йæхиуыл хæцын зона цавæрфæнды уавæрты дæр...

О, æцæгдæр шофыры куыст вазыгджын у: фæндаджы тыхстаг фæзилæнтæ, цавæрдæр адæймæгтæ сæ машинæтыл æнæсæрфат тахт кæнынц. Бæлцæтты та хъуамæ шофыр æдасæй бахæццæ кæна сæ бынатмæ. Фæлæ бæлццон дæр хъуамæ æфхæрд ма æйййафа. «Æдас» æмæ «æфхæрд» кæрæдзимæ куыд баст сты? Ома, шофыр ирон у, иннæ – къуыдайраг, æртыккаг – дыгурон – уыдæттимæ баст нæу ацы уавæр. Алагирæй Дзæуджыхъæумæ цæугæйæ алыхуызон шофыртыл сæмбæлын. Сæ фылдæр уавæр раст æмбарынц, фæлæ ис, балцон билет фенгæйæ уайтагъд сæ сæртæм чи фæлæбуры, ахæмтæ...

Иу шофыр, цалынмæ Алагирмæ нæ ныххæццæ стæм, уæдмæ телефонæй алырдæм «куыдта», растдæр зæгъгæйæ та «хъарæг» кодта. Мæнæ, зæгъы, æнæхъæн бон Алагирмæ æмæ горæтмæ 40 балцон билетимæ адæмы ралас-балас кæнын. Æмæ, зæгъы, уый цы у, уымæй ма дæ æвирхъаудæр бахъæудзæн... Æмæ кæрон нæ уыд йæ тыхст ныхасæн... Æвæццæгæн, автоколлонæйы дæр ахæм «тыхст æмæ змæст» шофыртимæ цавæрдæр хомыладон куыст кæнынц. Ома, балцон билет ногдзинад кæй нæу, уый сын дзурынц.

Мæнæ æмхуызонæй дæр шофыртæ ахæм фыдзондтæ сты, уый зæгъæн нæй. Мæхæдæг æвдисæн уыдтæн, алагираг шофыр **Магкæты Аслан** куыд уæздан æмæ æмбаргæ у, уымæн. Фæкусы хæхбæстæм, алкæддæр дзы йæ бæлццæттæ вæййынц разы. Уым дæр куыд нæ разыны балцон билеттимæ адæм! Иунæг хатт дæр дзы схуыст ныхас, бустæтæ нæ фехъуыстон.

Хæдзары раст хъомылад куы райсай, уæд царды цæуын уыййас зын нæу. Иу æмæ дыууæ хатты нæ, фæлæ-иу æрыгæттæн фæндагыл кæм сæ зæрдæтæ бахъарм сты, кæм сæ сæртæ разылдысты, Магкæйыфырт-иу алы хатт дæр рæвдз фæлæуыд. Æмбæлгæ æххуыс-иу бакодта. Разындис-иу æм чысыл бандон æвæрд дæр, чи бавзæр, уый æддæмæ сылгоймæгтæ рахизын кодтой, уыцы бандоныл æрбадт. Кæддæр йæхимæ æрцыд, æмæ нæ фæндагыл ацыдыстæм.

Куы йæ зæгъын, афтæ арæх рауайы, фæлæ Магкæты Аслан йæхи алы хатт дæр равдисы уæндонæй, алцæмæ дæр цæттæйæ. Йæ мад Магкæты Зарæйы Алагиры зонынц, уæдæ йæ фыд Илья дæр цæрæнбонты шофырæй фæкуыста. Аслан дæр равзæрста йæ фыды дæсныйад, æмæ йын бантыст адæмы зæрдæтæм фæндаг ссарын. Уый иу боны фыдæбон нæу... Ахæм шофыртæ фылдæр кæй сты, уый æмхуызонæй дæр зонæм.

Магкæйы-фырты ахаст бæрæг дары, ис ма уый хуызæн сæрæнтæ дæр. Айразмæ иу æрыгон лæппу фæндагыл бавзæр, шофыр фæурæдта, лæппумæ ралæвæрдта доны авг. Фæстæдæр иу дуканийы цур æрлæууыд, базгъордта уырдæм æмæ дзы доны цалдæр авджы рахаста, сæ иу уыцы лæппумæ радта. Æппынæдзух-иу æй афарста, куыд дæ, зæгъгæ. Уый дæр ахаст у, æрыгон уыцы хорздзинад йæ зæрдыл дардзæн. Махæн дæр уый у адæймаджы удысконды хуыздæр миниуджытæ æвдисæг...

Уымæ гæсгæ уыцы тыхст шофырты ныхæстæ нæ зæрдæмæ хæстæг нæ исдзыстæм...

**БУТАТЫ Эльзæ**

Алагиры районæй

# Равзæрст фæндагæй разыйæ баззад

**Хæрзæрыгонæй Къадзаты Фидар йæхи уыдта аразæгæй, фæндыд æй стырдæр, егъаудæр бæстыхæйттæ аразын. Фæлæ хъысмæтмæ та æндæр фæндæттæ уыд, уый Къадзайы-фырты рахуыдта барадхъахъхъæныны фæндагмæ, йæ размæ йын сæвæрдта адæмы æдасдзинады сæраппонд тох кæныны хæстæ.**



Афтæ зæгъæн ис, æмæ ссæдз азæй фылдæр районы цæрджыты фæхъахъхъæдта фыдæгæнджытæй, йæ фæндаг райдыдта милицæйы стажерæй, схæццæ хистæр оперативон радгæсы онг. Йæхæдæг куыд фæзæгъы, афтæмæй телефонæй æрбадзурджыты уайтагъд сæ хъæлæстæй базоны, йæ фæстæ кусынмæ чи æрбацыд, уыцы æрыгæттæн у цæвиттоны хæссæгау.

Къадзаты Фидар куыд нымайы, афтæмæй радгæс хайады куыст у сæйрагдæр рахацæн пъæлицæйы хайады. Радгæс хайадмæ цы хъусынгæнинаг æрбахæццæ вæййы, уый равзарынæн оперативон службæйы радгæсы æмæ слестгæнæг къорды архайд банымайæн ис æппæты ахадгæдæрыл. Къадзайы-фырт йæ службæ райдыдта милицæйы, дарддæр æй æххæст кодта пъæлицæйы, йæ бон у æппæт ахадгæ ивддзинæдтæн аргъ скæнын.

Кæд æмæ отставкæйы афæдзы размæ рацыд, уæддæр пъæлицæйы майор хорз хъуыды кæны раздæры азты фыдракæндтæ, ныры рæстæджы æргом тæссагдзинæдтæ. Раздæр куыст домдта хуымæтæгдæр мадзæлттæ, фæлæ кæддæриддæр адæймаг зынвадætты йæ хъаст, йæ курдиат хæссы мидхъуыддæгты хайады оргæнты кусджытæм.

Радгæс хайадæн æппынæдзухы æмгуыстад ис рынчындонимæ, зынгсирвæзты ныхмæ службæимæ, прокуратурæимæ, слестгæнæн комитетимæ. Бахъæуы сæ æндæр регионтæм æххуысы тыххæй æрхатын, уайтагъд уыдон дæр сæ цуры æрбалæууынц. Ссæдз азмæ Къадзаты Фидары зæрдæйы бирæ алыхуызон фыдракæндтæ баззад. Кæддæр сæм Алагиры районы мидхъуыддæгты хайадмæ æрбацыд хæтæлдойнаг ацæргæ нæлгоймаг, йæ ныхасмæ гæсгæ йæ хæдзарæй адавтой рагон æрхуы аг. Иу фæлтæрæй иннæмæ йæ лæвæрдтой, фыхтой-иу дзы бæгæны.

Аг ахæссыны размæ уал давджытæ зæронд лæджы фæнадтой, стæй ацыдысты, фæстæдæр аг ныллыгтæ кодтой æмæ йæ ауæй кодтой. Афтæ рауад, Майрæмаджы цæрæгæй паддзах Петры рæстæг арæзт самавар куы адавтой, уый хъысмæт дæр. Кæд æмæ-иу фыдракæндтæ раргом кодта Къадзаты Фидар, уæддæр ахæм зынаргъ дзуамайы сæфт сæ хицæуттыл тынг фæзынд.

Отставкæйы майор куыд æрымысыд, афтæмæй раздæр милицæйы радгæс хайадмæ истой фæлтæрдджындæр кусджыты. Ныртæккæ дæр сты иу бинонтау æнгом, кæрæдзийы æмбарынц, закъоны æппæт домæнтæм лæмбынæг æмæ бæстонæй чи кæсы, ахæм лæппутæй хайджын у радгæс хайад. Къадзаты Фидар йæ равзæрст фæндагæй разыйæ баззад, отставкæйы уæвгæйæ йæ бинойнаг Зæринæимæ сæ кæстæртыл аудынц, аразынц сын царды удæнцойдзинæдтæ.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ, Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор**

Социалон фондæй

# Компенсаци дæттынц

**Инвалид-адæймæгтæн кусæн бынæттæ арæзт цæмæй æрцæуой, уый тыххæй Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайад куыстдæтджытæн дæтты 200 мин сомы бæрц компенсаци.**

Субсиди райсыны бар ис юридикон иуæгтæн, хи амалиуæггæнджытæ, æнæкоммерцион кусæндæттæ æмæ инвалидты æппæтуæрæсеон æхсæнадон организацитæн.

Фарон кæй сфидар кодтой, æххуысы уыцы мадзалæй пайда кæнынц куыстмæ фыццаг æмæ дыккаг къордты инвалид-адæймæгты, стæй сахъатдзинады цыфæнды къордимæ хæстон архайды ветеранты исыны заман. Куыстдæттæн ис ног кусæн бынат саразыны æмæ, ныридæгæн чи ис, ахæм кусæн бынат рацаразыны тыххæй компенсаци райсыны бар. Зæгъæм, куыстдæттæг бындурон æмæ æххуысадон кусæнгæрзтæ балхæнынил, стæй сæ сæвæрынил кæй бакæны, уыцы хæрдзты аргъ ын бафидынц.



Реабилитацийы хицæн программæ, стæй æххæстгæнинаг фæллойадон хæсты хуыз нымайгæйæ, кусæн бынат кусæнгæрзтæй сифтонг кæнынц. Инвалид-кусæгæн кæнæ хæстон архайды ветеранæн дæрддзæгмæ кусæн бынат аразынц хæдзары дæр (фæллойадон бадзырд афтæ кæд амоны, уæд).

Компенсаци райсынæн кусæндоны хæс у инвалид-кусæгимæ фæллойадон бадзырд сфидар кæныны бонæй æртæ мæйы æмгъуыдмæ Адæмæн куыстдæттæг службæмæ курдиат барвитын. Куыст раттыны фæдыл хъуыддагæн гæххæттытæ саразын хъæуы æппынкъаддæр фараст мæйы æмгъуыдмæ. Кусæн бынат саразыныл æхца кæй бахардзчындæуыд, курдиатмæ бафтауынц ууыл дзурæг документтæ. Ацы документтæ сбæлвырд кæныны фæстæ Адæмæн куыстдæттæг службæ бæрæггæнæнтæ барвиты Уæрæсейы Социалон фонды республикон хайадмæ. Фиппаинæгтæ кæд нæй, уæд куыстдæттæджы бахæссынц субсидиисджыты номхыгъдмæ, æхцайы фæрæзтæ та барвитынц 10 кусгæ боны æмгъуыдмæ.

8 (8672) 40-97-06 телефонæй регионалон контакт-центрмæ фæдзургæйæ, цæгатирыстойнаг куыстдæтджытæм ис æмархайды цыфæнды фарстайы фæдыл уынаффæ базоныны бар.

**УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ**




## Æцæг хабар

# Батрадзы карст

Иу аз Тымылварсмæ, хосдзауты бакуысты фæзуат æмæ мæкъуылтæ банымайынмæ йæ сардзинимæ фæзынди колхозы быдырон куыстытæн хыгъдхæссæг Æхсар. Хосгæрстытæ рабар-бабар кæнгæйæ, бирæ рæтты сæ куыст йæ зæрдæмæ нæ цыди. Кæм – æрдæгкарст, кæм – иудадзыг сисбынтæ, кæм – æрдæгцæвæгдзæфтæ.

– Адон уæ кæй кæрстытæ сты? – афарста-иу Æхсар.

– Батрадзы кæрстытæ, – æмдзыхæй-иу дзуапп раттой хосдзаутæ æнæ цæстфæныкъулгæйæ.

– Мæнгард Батрадз куы фæци, – йæ сардзинил æрæнцой кодта Æхсар, – фæдзурут-ма йæм.

– Йе ’фсымæры лæппу æфсадмæ цæуы, æмæ уый афæндараст кæнынмæ хъæумæ ацыд, – дзуапп ын раттой хосдзаутæ.



Се ’мкусæджы фæсаууон цырдæм æхсынц, уый бамбæрста хыгъдхæссæг æмæ йæ цæст йæхимæ æрныкъуылдта. Баздæхт æмæ Батрадзæн дыууæ хатты фылдæр æхца ныффыста. Уæдмæ капекк исæн рæстæг дæр æрхæццæ.

– Ай куыд у, кусгæ иумæ кодтам, уæд Батрадз махæй фылдæр куыд райста æхца, – хъуыр-хъуыр кодтой хосдзаутæ.

Æхсар сæм бирæ фæхъуыста.

– Хъуыды-ма йæ кæнут, фæрсгæ уæ куы кодтон, ай уæ кæй карст у, адон кæй цæвæгдзæфтæ сты, ацы гæппæл та кæй карст у, ам та, ам та, уæд мын афтæ нæ дзырдтат: «Батрадзы карст», «Батрадзы карст», «Батрадзы карст...» Æз дæр уымæ гæсгæ банымадтон æмæ уæ, кæрæдзиимæ абаргæйæ, Батрадз дыууæ хатты фылдæр бакуыста. Æмæ йын, куыд æмбæлы, афтæ æз дæр дыууæ хатты фылдæр æхцайы капекк ныффыстон. Æви уæ цæст нæ уарзы уый Батрадзæн? – худгæйæ сын бамбарын кодта Æхсар...

Сырхдыгуйрæгтæй ныртæккæ Тымылварсмæ ничиуал цæуы. Схъамыл и. Адæм сæ фосæн ныр Хуысфæрæчы кæрдынц хос. Уыцы ’рдæм бафтгæйæ, исчи, мыййаг, фембæлгæйæ куы афæрса, ай кæй карст у, зæгъгæ, уæд дын худæзмулгæнгæйæ, дзуапп ратдзæн: «Батрадзы карст...»

**ХОХОЙТЫ Федар**

## Хъæлдзæг радзырдтæ

# «Поллитр будет – швабра будет»

Æрæфы районы рæсугъд æрдзы хъæбысы, Æрæфы доны был æрбынат кодта Сечеры гыццыл хъæу. Ам царди Косеры рæсугъд (мæрдты рухсаг уæд) йæ сæрыхицау Къолаимæ æмæ цардæй къæртт æфтыдтой. Зондджын, фыдрæсугъд æмæ фæлитой Косер йæ лæджы бафтыдта æхсæнады хицауады куыстыл. Хорздзинадæй колхозы цы уыд, уый гуылфгæнгæ цыд сæ хæдзармæ дæр. Иу ныхасæй, уыцы рæстæджы царды уылæнты ленк кодтой.

Тигъмæ хæстæг цардысты, æмæиу хъæуы фæсивæд æппынæдзух дзыгуырæй лæууыдысты. Иу бон Косерæн йæ швабрæ асаст, лæппутæм æй радавта æмæ сæм дзуры: «Уæ хорзæхæй, ацаразут мын мæ швабрæ». Лæппутæ æмдзыхæй сдзырдтой: «Косер, дорогая, поллитр будет – швабра будет». Тынг рæвдз азгъоргæйæ Косер рахæццæ кодта нозт æмæ хæрд. Швабрæ сын сæ цуры ныууагъта. Цæй швабрæйы мæт ма уыди лæппуты, сæхи хорз федтой æмæ ахæцыдысты сæхи найынмæ Æрæфы донмæ. Швабрæ та сæ бынтон рох фæци.

Цалдæр боны фæстæ Косер районы Цыколайы хъæуы уазалгæнæн балхæдта, хиды хъусы онг æй иу машинæ æрбахæццæ кодта, фæлæ йæ хъæумæ сласынмæ йæ ныфс нæ бахаста, тынг хæрды ссæуын æй хъуыд. Косеры уазалгæнæн баззад хиды хъус, кæсы, æмæ уыцы лæппутæ сæхи найынц. Йæ къух сæм фæтылдта, уайтагъд йæ цуры алæууыдысты, æмæ сæм дзуры, уæ хорзæхæй, мæнæ мын мæ уазалгæнæн нæхимæ схæццæ кæнут, æмæ, дам, уын æнæмæнгæй уыдзæн поллитр закъускæимæ. Лæппутæ фæлæбурдтой æмæ уазалгæнæн Косеры хæдзары смидæг кодтой. Косер сæм худгæбылæй сдзырдта:

– Ныр та афтæ, мæнæ хорз лæппутæ, швабра будет – поллитр будет!

# «Базон-базон, цы дын балхæдтон?»

Зымæджы ралæууынмæ бирæ нал хъæуы, æмæ Асиат тыхсы, йæ цардæмбал Астемыры цырыхъхъытæ нал бæззынц, æмæ йын исты амал кæнын хъæуы, зæгъгæ. Астемыр йæ дарæсты размертæ дæр нæ зыдта, йæ ахсджиагдæр хъуыддаг уыд искæм «нанайы цæссыгæй» фæхъæстæ уын.

Иу бон Асиат Беслæныхъæуы центры æрцæйцыдис, раст мæнæ сæудæджергæнджытæн бар лæвæрд куы ’рцыдис, уыцы азты. Кæсы, æмæ иу лæг нæлгоймаджы къахыдарæс уæй кæны. Асиат хæстæгдæр бацыд æмæ йæ цæст æрæвæрдта йæ лæджы аккаг замманайы хъарм цырыхъхъытыл. Цинæй амард, сæ аргъыл сын афарста. Лæг дзуапп ратта, дæс туманы, зæгъгæ. Асиат ын лæгъстæ кæны, æз дæ мад, дæ фыды хатырæй, аст туманыл мын сæ ратт, æндæр мæ дзыпп нæ амоны. Уæйгæнæгæн ма цы гæнæн уыд, сразы, æмæ сæ ус хызыны атъыста. Раст ыл цыма базыртæ базад, афтæ тындзы хæдзармæ, хъуамæ ныртæккæ Астемыры зæрдæ барухс кæна. Кæрты дуарæй фæмидæг æмæ дзургæ бацыд:

– Мæ лæджы хай, кæм дæ, рауай-ма, æз дæм цы диссаг равдисдзынæн! – усы цæстытæ фырцинæй æрттивынц. – Базон-базон, цы дын балхæдтон?

Астемырæн дæр йæ цин йæ риуы нал цыд, афтæмæй йын дзуапп ратта:

– Водкæ?!.



# «Нæ кæркдон тæдзгæ кæны»

Астемыр йæ цардæмбал Асиатимæ уарзонæй фæцарди. Уыд сабыр æмæ уæздан адæймаг, фæлæ йæ удæй фылдæр уарзта «нанайы цæссыг». Асиат кæд хъайтаргомау ус у, уæддæр 40 азы дæргъы Астемыры нозт ныууадзынæн йæ бон ницы баци. Зæрондæй лæг куыста æхсæвгæсæй иу заводы, æмæ йæм уырдæм æхсæвы йæхи хуызæттæ æмбырд кодтой. Райсомæй-иу дзæбæх къуымæлдзæфæй уыцы хъæлдзæгæй æрбахæццæ. Æнæмæнгæй-иу йæ хызыны йæхицæн пъахмел – иу авджы ’мбис ныууагъта æмæ-иу æй тындзгæ цæхæрадоны, зæронд кæркдоны амбæхста.

Бинонтæ алцыдæр зыдтой, фæлæ сæ тох кæнын ныууагътой, сæ гæрзтæ æрæвæрдтой. Уыцы бон диссаджы уарын æрцыд. Асиат йæ лæгмæ лыстæг кæсы, кæд ацы уарыны нæ ацæуид цæхæрадонмæ, зæгъгæ. Фæлæ кæм уромы йæхи Астемыр, иу-дыууæ хатты ауади æмæ та-иу сау хуылыдзæй фездæхт. Æртыккаг хатт куы фæцæйцыд, уæд Асиат йæхи нал баурæдта æмæ йæ фæрсы:

– Хуыцауы тыххæй, ацы уарыны цы дыууæрдæм кæныс?

– Нæ кæркдон тæдзгæ кæны, – дзуры йæм Астемыр.

– Ау, æмæ нæ хæдзары сæр æртæ азы тæдзгæ куы фæкодта, уæд æй куы ницæмæ ’рдардтай. Уæд нæ зæронд кæркдоны каркæн йæ кой куы нæй, уæд ыл цæй тынг тыхсыс?

**ТЕБЕТТЫ Таисæ,**
**Беслæн**

## Ахудынæн

# Уырыссаг ирон чындз



Ирыстоны нæлгоймæгтæ Уæрæсейы алы къуымтæй уырыссаг чызджытæ сласынц сæ фыдыуæзæгмæ, сæ цард семæ бабæттынц, æмæ дзы бирæтæ сæхи амондджын фæхонынц. Алкæмæн дæр йæ бар – йæхи, фæлæ æз хæст дæн ахæм хъуыдыйыл: кæрцæн йе ‘мпъузæн – йæхицæй. Ирон æвзаг базондзæн уыцы уырыссаг чызг, чъиритæ кæнынмæ дæр сдæсны уыдзæн – уым диссагæй ницы ис, абон, дам, «осетинские пироги» Мæскуыйы узбекæгтæ æмæ таджикæгтæ кæнынц. Цæмæй ирон суа уыцы æддагон чындз, уый тыххæй йæ ногæй райгуырын хъæуы, ныр мæ националист дæр схонут...

Хæстæгдæр хъæутæй иу сыхы дæр фæзынд ахæм чындз. Катя хæрзуд адæймаг разынд, йæ сæрыхицау Адæбеимæ «а» æмæ «о»-йæ цардысты, сылгоймаг базыдта сыхæгтимæ хорз ахастдзинæдтæ саразын дæр. Сæ цыппар лæппуйы рахъомыл сты, æмæ бинонтæм амонд йæ мидбылты худти. Иу хъæндзинад уыдис Катямæ – кæд Ирыстоны ссæдз азæй фылдæр царди, уæддæр ирон æвзаг нæ базыдта. Æви йæ нæ фæндыди базонын...

Уæдмæ Хуыцау ныддæлæ-уæлæ кодта, æмæ дыууæ изæры астæу Адæбе æвиппайды æрбамард. Мыггаг – стыр, æмæ хъыггæнæг адæм лæджы кад æмæ радимæ бавæрдтой ирон æгъдаумæ гæсгæ. Дыккаг бон сæр æмæ бæрзæй раттыны рæстæг æрхæццæ, фæлæ сыхы лæгты, фыдæбонгæнджыты ничи хоны. Æнхъæлмæ кæсыны рæстæг фæци, кæрæдзийы рафæрс-бафæрс фæкодтой. Стæй бакъорд сты æмæ мæрдджынты хæдзары размæ бацыдысты. Ракæсæг æмæ сæ мидæмæ хонæг куы нæ фæци, уæд бауынаффæ кодтой æмæ кулдуарæй бахызтысты. Ам сыл Катя хæрхæмбæлд фæци æмæ сæм уыцы æнæмбаргæ фæрсæджы каст бакодта, ома цæмæн æрбацыдыстут. Нæлгоймæгтæ сæ цыды сæр бамбарын кодтой, сæр æмæ, дам, бæрзæй раттын хъæуы.

Катя йæ мидбылты зына-нæ зына бахудт æмæ сын афтæ:

– А я из них холодец сделала, мальчики его очень любят...

# Æфсины хъынцъым

Ныртæккæ адæм фылдæр зианы хъуыддæгты æмбæлынц, кæрæдзийыл бацин кæнынц, уым базонынц фæстаг хабæрттæ... Ацы хабар мын дзырдта мæ мад Агъниан къорд азы разæй. Цæвиттон, нæ хæстæджытæм дыууиссæдзæм боны кæндмæ ацыд. Фæрзиу хæларгонд æрцыд, æмæ адæмы фынгтæм бахуыдтой.

Сылгоймæгты фынг дæр дæлæмæ саст алы диссæгтæй, устытæ «по ранжиру» сæ бынæттæ бацахстой, рухсаг загътой... Ралæууыд аныхæстæ кæныны рæстæг дæр. Ацы хъуыддаджы сылгоймæгтæ сæ разæй никæй ауадздзысты, бирæтæ дзы кæрæдзийы зыдтой, кæй нæ зыдтой, уыдонимæ базонгæ сты. Куыд вæййы, афтæ бинонты темæмæ дæр рахызтысты. Ам дзы иуæй-иутæ сæ чындзыты хорзы кой кæнын райдыдтой, чи дзы тынгдæр раппæлдзæн, ууыл сси хъуыддаг, куыд сыл аудынц, уый тыххæй кæрæдзийы дзыхæй скъæфтой ныхас, фæлæ уыцы æнæкæрон къæбæлдзыг ныхæсты хал æваст фескъуыд, райхъуыст сылгоймæгтæй иуы мынæг кæуын.

Цы кодтай, цæуыл кæуыс, зæгъгæ, устытæ схор-хор кодтой, æмæ сын Фаризæт хæкъуырцгæнгæ афтæ:

– Уæдæ ма мæнæй мæгуырдæр а зæххыл исчи ис... Æфсинтæ сæ чындзыты куы надтой, уæд чындз уыдтæн, ныр, чындзытæ æфсинты куы нæмынц, уæд та æфсин дæн...

## Бакæс-базон

# Æппæты къæвдаджындæр горæт

**Æппæтæй фылдæр къæвдайы рауарды бæрцæй дунейы дæс раззагдæр горæты номхыгъдмæ кæцытæ хауынц?**

**Дунейы æппæтæй къæвдаджындæр дæс горæты сты мæнæ ахæмтæ (нымæцтæй амонæм, миллиметрæй баргæйæ, афæдзмæ рауарæг къæвдайы рæстæмбис бæрц): Буэнавентурæ (Колумби) – 6743; Монрови (Либери) – 5131; Паго-Паго (Америкаг Самоа) – 4990; Моламьяйн (Мьянмæ) – 4852; Лаэ (Папуа – Ног Гвиней) – 4645; Багио (сакъадах Лусон, Филиппинтæ) – 4573; Силхет (Бангладеш) – 4457; Конакри (Гвиней) – 4341; Паданг (Суматра, Индонези) – 4225; Богор (Ява, Индонези) – 4225.**

## Поэттæ æмæ фысджыты цардæй

# Александр Пушкин – театры



***Пушкин йæхицæн зын нæ кодта æгъдæуттыл фидар хæцынæй æмæ йæхи тынг сæрибар дардта. Иухатт театрмæ æрбацыд, йæ сæрыл парик, афтæмæй – уый хæдразмæ тæфсæгæй фæрынчын, æмæ йын йæ сæр адастой. Спектакль куы райдыдта, уæд Пушкин сабыр бадт, касти актерты хъазтмæ. Фæлæ актертæ патетикон сценæмæ куы бахæццæ сты, уæд поэт бавдæлд æмæ йæ парик систа, ома, дам, мын тæвд у! Ууыл дæр не ‘рлæууыд, фæлæ дзы йæхимæ дымгæ кæнын райдыдта.***

***Уыцы заманы театрдзаутæ фæстæдæр дзырдтой, Пушкины уыцы митæм кæсгæйæ, залы бадджытæ худæгæй кæй мардысты, æмæ спектакль урæд æрцыд.***

# Лев Толстойы нæ базыдта



*Тулæйы сфæнд кодтой, Лев Толстой йæ бинонтæн кæй ныффыста, уыцы пьесæ «Рухсады дыргътæ» («Плоды просвещения») сæвæрын. Автормæ арвыстой кадджын хуынды гæххæтт спектакльмæ. Фæлæ фыссæг театрмæ куы ‘рбацыд, уæд æй мидæмæ нæ бауагътой. Лев Николайы фыртыл уыд, йæ философи йын куыд амыдта, ахæм хуымæтæг хъæуккаг цæрæджы уæлæдарæс. Дуаргæс ын загъта, ардыгæй, дам, дæхи фæндагыл цæугæ кæн.*

*Толстой хъаугъа кæнынил не схæцыд, фæлæ гыццыл фалдæр æрбадт. Уæдмæ театрмæ æрбацыд бынæттон чиновник. Фыссæджы фæхсбандоныл бадгæ куы федта, уыд бадис кодта æмæ йæ бафарста, ам цы архайыс, зæгъгæ.*

*Толстой дзуапп ратта: «Бадын». Æмæ, мидбылты худгæйæ, бамбарын кодта: «Мæ пьесæмæ бакæсынмæ хъавыдтæн, фæлæ мæ мидæмæ нæ уадзынц...» Мадзалы амидингæнджытæ тынг фæкъæмдзæстыг сты æмæ, дуаргæсы куыд бафхæрдтаиккой, уый уæ цæстытыл ауайæд.*

# Владимир Маяковский цыргъзонд уыдис



***Владимир Маяковский цыргъзонд уыдис...***

***Иухатт Владимир Маяковскийæн уыд радон фембæлд поэзиуарзджытимæ. Фембæлды темæ уыд пролетарон национализм. Маяковский басаст, уый æнæхъæн дунейы адæймаг кæй у: уырыссæгты ‘хсæн йæхи æнкъары уырыссагæй, сомихæгты ‘хсæн – сомихагæй, гуырдзиæгты ‘хсæн – гуырдзиагæй.***

***Цавæрдæр хъазаг лæг залæй рахъæр кодта:***

***– Æдылыты ‘хсæн та?***

***Маяковский дзуапмæ йæ дзыпмæ нæ авнæлдта:***

***– Æдылыты ‘хсæн фыццаг хатт дæн.***

# Артур Конан Дойл æмæ таксист



*Парижы æрцыди æппæт заманты зындгонддæр сыщик Шерлок Холмсы æрхъуыдыгæнæгыл ацы худæджы хабар. Фыссæг Артур Конан Дойл (1859 – 1930), куыд зонæм, афтæмæй уыдис дохтыр. Поездæй куы æрхызт, уæд æм вагзалы таксист æрбазгъордта, æнæ исты сдзургæйæ йын йæ чумæдан йæ хæдтулгæйы авæрдта æмæ, машинæйы куы сбадтысты, æрмæстдæр уæд бафарста:*

*– Уæдæ дæ кæдæм аласон, месье Конан Дойл?*

*– Æз чи дæн, уый зоныс? – дисæй амард фыссæг.*

*– Фыццаг хатт дæ уынын, – басаст таксист.*

*– Уæдæ цæмæй базыдтай, чи дæн, уый?*

*– Æз дын дæ дедуктивон метод сахуыр кодтон æмæ бирæ лыстæг хъуыддæгтæм лæмбынæг æркастæн, – сæрыстырхуызæй загъта таксист. – Фыццаджыдæр, газеты бакастæн, Артур Конан Дойл дыууæ къуырийы йæ фæллад кæй уадзы францаг Ривьерæйы. Дыккаджыдæр, мæхицæн скарстон, цы поездæй æрхызтæ, уый Марселæй кæй æрбацыд. Уый фæстæ федтон, хурсыгъд кæй дæ, уый та уый бæрæггæнæн у, æмæ æппынкъаддæр дæс боны кæй фæдæ денджызы был. Дæ рахиз къухы астæуккаг æнгуылдзыл цы чернилæйы фæдтæ ис, уыдонæй хатдзæг скодтон, фыссæг кæй дæ. Дæ фæлыстмæ гæсгæ дохтыр дæ, йæ фасонмæ гæсгæ та – лондойнаг. Афтæмæй, æппæт уыдæттæ бахынцгæйæ, мæхицæн загътон, мæнæ ис Конан Дойл – намысджын сыщик Шерлок Холмсы номдзыд æрхъуыдыгæнæг!*

*Таксисты ныхæстæм байхъусгæйæ, фыссæг фæуыргъуыйау.*

*– Ды дæхæдæг Шерлок Холмс куы дæ! – фæхъæр кодта уый, – кæд дæ бон ахæм хатдзæгтæ скæнын баци уыцы лыстæг детальтæй, уæд!*

*– Уый бæгуыдæр афтæ у, – æваст фæкъæмдзæстыг шофыр. – Фæлæ ма æз ноджы иу чысыл деталь банкъардтон.*

*– Уагæры цы?!*

*– Дæ чумæданыл ныхæст ярлык. Ууыл дæ ном æмæ дæ мыггаг стыр дамгъæтæй фыст уыдысты!*

# Сергей Есенин æмæ Брокгауз



***Сергей Есенин та радон хатт поэзиуарзджытæн йе ‘мдзæвгæтæ каст куы фæци, уæд æм æрбацыд сылгоймаг – ныллæг, иу цыппораздзыд, æддаг бакастæй – ницы ахæм, хуыздзыд, æмæ йæхи бацамыдта: «Брокгауз». Есенины зæрдыл уайтагъд зындгонд дзырдуат саразæг Брокгауз æрбалæууыд. Сылгоймаг цингæнгæ фехъусын кодта, дзырдуаты намысджын саразæг йæ фыдыфсымæр кæй у. Уый фехъусгæйæ йæ Есенин йемæ ахуыдта...***

***Фæстæдæр æй йæ хæлар бафарста, уыцы æгъуыз æмæ, сæрæй бынтон æххæст чи нæ уыд, уыцы Брокгаузы демæ цæмæн ахуыдтай, зæгъгæ. Есенин дзуапп ратта:***

***– Зоныс, уæддæр... Дзырдуаты ‘фсымæры чызг!***

# Бернард Шоу æмæ æнамонд велосипедист



*Иухатт ирландиаг драматург æмæ романист, йæ цыргъзонддзинад дардмæ кæмæн айхъуыст, уыцы Бернард Шоу, фистæгæй тезгъо кæнгæйæ, фæндагыл йæхи скъуырдта велосипедистыл. Йæ амондæн, дыууæйæ дæр чысыл цъæррæмыхстытæ æмæ саудзæфтæй уæлæнгæйтты аирвæзтысты. Велосипедист хатыртæ курыныл схæцыд, фæлæ йын Шоу йæ ныхас фескъуыдта:*

*– Тынг æнамонд дæ, сэр! Гыццыл хъарутæ ма куы бахардз кодтаис, уæд, куыд мæ марæг, афтæ дæ ном æнусты цардаид...*

* * *

***Иухатт намысджын зындгонд фыссæг Бернард Шоу, музыкæ æгæр хъæрæй кæм азæлыд, ахæм ресторанмæ бацыд. Метрдотельмæ фæдзырдта æмæ йæ фæрсы:***

***– Уæ музыканттæ, дæ зæрдæ цы зæгъа, уый ацæгъдынц?***

***– Æнæмæнг афтæ, сэр! Дæ зæрдæ цы бацагура, уый ацæгъддзысты, – дзуапп ратта уый.***

***– Уæдæ сын мæнæ ацы æхца ратт æмæ дзы ракур, цæмæй сахаты ‘рдæг ахъазой... покерæй.***

**Фарс бацæттæ кодта**
**ГАПБАТЫ Алетæ**



Спортивон фидиуæг



Уæззау атлетикæ

# Кады фембæлд кæстæртимæ

**Нæ газеты 1 апрелы номыры фыстам Дагестаны, горæт Каспийскы уæззау атлетикæйæ Уæрæсейы фыццаг бынат бацахсыныл ерысты не 'рыгон спортсменты архайды тыххæй.**

Нæ 15- æмæ 17-аздзыд лæппутæ æмæ чызджытæн бантыст авд хæрзиуæджы рамбулын. Уыдонæй дыууæ сты сыгъзæрин, иу æвзист, цыппар та бронзæ майдантæ.

абоны æнтыст ууыл дзурæг у, æмæ сæм æрдзæй ратгæ курдиат кæй ис: «Нæ зæрдæ уын зæгъы дарддæр уæхиуыл ноджы зæрдиагдæрæй куыд кусат æмæ спорты бæрзондтæ кæндзыстæм дунеон ерыстæм, æмæ нæ тынг фæнды Ирыстоны спортуарзджытæн нæ уæлахизтæй лæвар ракæнын».

Æлбегаты Руслан фембæлды нысаны тыххæй загъта: «Нæ фембæлды арфæ ракæнынимæ мæ курдиат у, цæмæй нæ кæстæртæ ацы æнтыстдзинадæн æгæр стыр аргъ ма




Нæ фæсивæды уыцы хæрзиуджыты рамбылд нæ республикæйы иугонд командæйы хистæр тренер Дзбойты Петр, РЦИ-Аланийы Уæззау атлетикæйы федерацийы президент Лазарты Владимир, уæззау атлетикæйæ республикæйы скъолайы директор, спорты сгуыхт мастер Æлбегаты Руслан, тренертæ Бидеты Алан, Хъайсынты Марат æмæ нæ иннæ тренертæ банымадтой хорз æнтыстыл æмæ сын арфæ ракæныны фембæлд саразтой уæззау атлетикæйы скъола «Уæрæсейы Æвзонгад»-ы.

Дзбойты Петр æмæ Æлбегаты Руслан зæрдиаг арфæтæ ракодтой æрыгон спортсментæ æмæ сæ бацæттæгæнæг тренертæн. Сæ арфæйы ныхасы уыдон бахахх кодтой, дæр къæпхæнтæм æнæдызæрдыгæй куыд тырнат», – загъта Дзбойты Петр.

Каспийскы хорз бæрæггæнæнтæ равдыста Гаситы Элеонорæ (йæ тренер у йæ фыд Гаситы Руслан) æмæ рамбылдта 1-аг бынат. Цы фембæлд сын саразтой, уый тыххæй Элеонорæ загъта: «Тынг æхсызгон у, нæхимæ ныл афтæ цингæнгæйæ кæй сæмбæлдысты, уый. Ам сты, махæн фæзминаг чи у, уыцы таурæгъон спортсмен Æлбегаты Руслан, нæ зындгонд тренертæ, сæ сæргъы Уæрæсейы сгуыхт тренер Дзбойты Петр, афтæмæй. Уыдон махыл куыд цин кæнынц, уый уынгæйæ, æрфæнды ноджы зæрдиагдæрæй кусын тренировкæты. Мах ныр нæхи цæткæной, фæлæ сæ архайдæй кæной хатдзæгтæ æмæ тырной ног бæрзæндтæм. Æз æвдисæн уыдтæн бирæ ахæм хабæрттæн, кæцыты иу, æрыгонæй чи фесгуыхт, уыдон сæхиуыл фервæссыдысты, æмæ сæ спортивон фæндаг æгæр раджы аскъуыд. Кæй зæгъын æй хъæуы, алы кары дæр уæлахиздзау суæвын бæллиццаг хъуыддаг вæййы, куыд спортсменæн, афтæ тренерæн дæр, фæлæ уæддæр ис æппæты стырдæр æмæ кадджындæр нысантæ, æмæ уыдонмæ тырнын домы стыр фæразондзинад. Уыцы миниуджытæй хайджын куыд уой нæ курдиатджын кæстæртæ, уый сын нæ зæрдæ зæгъы».

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Аивад

# Конкурсы уæлахиздзаутæ

**Æппæтуæрæсеон конкурс «Афæдзы бинонтæ»-йы архайгæйæ, цыколайаг Дегъуатæ дзы номинаци «Бирæсывæллонджын бинонтæ»-йы фæуæлахиз сты.**

Рустам æмæ Маринæ бирæ азты дæргъы кусынц Цыколайы Культурæйы галуаны аивадон къабазы. Музыкæмæ ныййарджыты уарзондзинад сæ цотмæ раивта. Кæстæртæй алчи зарын, кафын æмæ алыхуызон музыкалон инструменттæй цæгъдын уарзы. Æрвылбон Дегъуаты хæдзары фехъусæн ис адæймаджы зæрдæагайæг музыкалон зæлтæ.

– Нæ Культурæйы галуаны ис адæмон инструментты оркестр, стæй зарæггæнджытæ æмæ кафджыты къордтæ. Æрæджы нæм фæзынд сывæллæтты оркестр фыццаг къахдзæфтæ кæны аивады дунемæ, – зæгъы Дегъуаты Маринæ.

Дзæуджыхъæуы Гергиты Валерийы номыл Аивæдты колледж кастфæуæвæг Маринæ зарыны аивадмæ рагæй дæр стыр æргом здахы æмæ ацы аивады лыстæг фæзилæнтæ рæзгæ фæлтæрæн амоны. Районы аивады къабаз цæмæй рæза, куысты хæстæ бæрнонæй æххæстгæнгæйæ, сылгоймаг уымæн ахъаз кæны. Фарон Культурæйы галуаны фæзынæг эстрадон квартет «Ирон»-ы уæнгтæ музыкалон аивады сусæгдзинæдтæ рахатынмæ тырнынц.

Быдыры Дæргъæвсæй рацæуæг Дегъуаты Рустамы сабибонтæй фæстæмæ фæндыд аивады къабазы кусын. Райгуырæн хъæуы Культурæйы хæкафын æмæ алыхуызон музыкалон инструменттыл дæр цæгъдын уарзынц. Чызджытæй иу – Кристинæ – Культурæйы галуаны адæмон кæфтыты къорды уæнг. Алыхуызон концертты арæхстджынæй равдисы сценæйы дæр, кæстæр Рамиль та, кæд нырма саби у, уæддæр гуымсæгæй цæгъдыныл, стæй зарын фæлвары.

Музыкалон аивадмæ стыр æргомздахæг, стæй ирон зарæг æмæ кафты



дзары сценæйы концерттæ чи 'вдыста, лæппуйы-иу бафæндыд уыцы артистты бафæзмын. Скъоладзауы рагон бæллиц сæххæст, æмæ ныр кафын æмæ музыкалон инструменттыл цæгъдыны аивады фæзилæнтæ рæзгæ фæлтæрæн рæдауæй амоны.

Рустам æмæ Маринæйы цот – дыууæ чызджы æмæ дыууæ лæппуйы зарын, кæд архайы, уæддæр æй фæнды фидæны педагогикæйы къабазы кусын. Иннæ чызг Илонæ ахуыр кæны хуыйæджы дæсныйадыл, стæй дæсны цæгъды музыкалон инструменттæй. Цалдæр хатты æнтыстджынæй архайдта аивадон конкурсты.

Хистæр лæппу Равиль арæхстджынæй цæгъды гуымсæгæй, йæ дæсныдзинад разæнгардæй аивады хæзнатæ бахъахъхъæнын æмæ сæ рапарахат кæныныл архайæг Дегъуаты бинонтæ æппæтуæрæсеон конкурсы кæй фæуæлахиз сты, уым диссагæй ницы ис. Курдиатджын бинойнæгтæн мæ зæрдæ зæгъы ног сфæлдыстадон æнтыстдзинæдтæ.

**ЦОРИТЫ Эльвирæ**

Æмбисæндтæ

***Уазæгуарзагæн йæ зæрдæ – æргом, йæ дуар – гом.***

*Кæдæй-уæдæй ма нæ чындз йæ къухмæ райста æрцындз.*

***Нозт мах нуазгæ кæнæм, уый та нын не 'нæниздзинад хæргæ кæны.***

*Ныхас дæр ма æлхыскъ зоны.*

***Ныхасæн йæ сæрты ахиздзынæ, фæлæ йæ бынты – нæ.***

*Æвзаг фæлмæн у, фæлæ, арцау, рæхойы.*

***Æвзæгтæ æрдзæтæ сты, мадæлон та иу у.***

*Æнус фæцæрдзынæ, фæлæ æнустæм – нæ.*

***Знагæй дæр тæригъæд ма зæгъ.***

*Хуыцау кæй уырны, кувгæ дæр æм уый кæны.*

***Сæ ивгъуыд цы адæм нæ рох кæнынц, сæ фидæныл дæр уыдон хъуыды кæнынц.***

*Адæймагæн йæ фæрныгад цас хъæздыгдæр кæна, уыйас йæ удыхъæд та мæгуырдæр у.*

***Зонд зондыл бахуды, зæрдæ йæхиуыл æрхуды.***

*Искæй зæрдæхудты ма бацу, цæмæй дыл дæ зæрдæ ма бахуда.*

***Зонд уынгæ кæны, цæст – кæсгæ.***

**ÆЛБОРТЫ Беллæ**

# Дзырдбыд



**ФÆРСЫРДÆМ:** 7. Къæйных, налат адæймаг. 10. Ахуыргæнæндон. 11. Нартхорссадæй конд лауыз. 12. Афтид, æнæапп. 13. Тæссармæ, иуырдæм. 15. Хæрзæрыгон. 16. Хъæддаг маргъ. 17. Кусæндон, сфæлдыстадон бынат. 20. Цæвиттон, хуызæг, фæзминаг. 23. Лыстæг уырынгон, денджызы цæрæг. 27. Тугдзых сырд. 28. Минерал. 29. Цæрæг кæм нæй, ахæм бынат. 30. Худинаг, аллайаг. 31. Къостайы æмдзæвгæ. 33. Хох Польшæйы. 35. Рагон бердзенаг горæт-паддзахад. 36. Горæт Цæгат Корейы. 37. Хуыйæджы кусæнгарз. 41. Спортивон дзаума. 45. Плотничы дзаума. 48. Уырынгон. 49. Æнæзæрдæмæдзæуæг хуыз. 50. Афæдзы афон. 51. Цæугæдон Польшæ æмæ Германийы 'хсæн. 52. Уæрдоны цалхы хай. 53. Тымыгъ, фæлдзæгъдæн. 54. Бæрæгдзау.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Кæсагахсæджы дзаума. 2. Хæхтæ Хорватийы. 3. Уадындз Нарты кадджытæм. 4. Скъæты хъæдын бын. 5. Уæрæсейы республикæтæй иуы сæйраг горæт. 6. Ирон адæмы фыдæлтæ. 8. Цармæй конд донгарз. 9. Дард Цæгаты цъыфдзастджын быдыртæ. 14. Хæдзары дзаума. 18. Нартхор англисагау. 19. Аргъуанмæ сидæг. 21. Æууæнчы гæххæтт. 22. Хъæу Цæгат Ирыстоны. 23. Айнæг хох. 24. Горæт Горькийы облæсты. 25. Цæугæдон Саратовы облæсты. 26. Рагуалдзæджы хуым. 32. Океанийы паддзахæттæй иуы сæйраг горæт. 34. Сынæг, ных, бырынкъ. 38. Цæстыл уайæн. 39. Æнæсыкъа фыс. 40. Хыссæ тулæн. 42. Къорд, æмбырд. 43. Нымæц. 44. Æмвæнд, æмхъуыды. 45. Цаутæ æвдисæг. 46. Цæстмæ ми. 47. Диссаг, цымыдисаг.

## Дзуаппытæ 28 мартъийы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ:** 1. Къурупа. 4. Мæнгард. 9. Наиб. 11. Ахъаз. 12. Нинæ. 14. Ватт. 16. Итон. 18. Момбаса. 19. Санеев. 21. «Турист». 23. Рудзынгæмбæрзæн. 24. Цæукъа. 27. Гæрæзе. 30. Æвгæнæн. 31. Сауи. 33. Мысы. 35. Лами. 36. Асæмæ. 37. Асин. 38. Новалис. 39. Никитин.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Кæндыс. 2. Раба. 3. Платов. 5. Æвзист. 6. «Гино». 7. Дзæгот. 8. Хъæбысæйхæцæг. 10. Ивон. 13. Инди. 15. Тменыхъæу. 17. «Таухæрæны». 20. Акулæ. 22. Ссæдз. 24. Цъылын. 25. Уысм. 26. Авиаци. 27. Гæмæзи. 28. Æмыс. 29. Есенин. 32. «Аида». 34. Саби.


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ




Мыхуыры рацыд англисаг æвзагмæ тæлмацæй Хуыгаты Сергейы радзырдты чиныг «Ossetian Fiddle» («Хъисфæндыр»). Радзырдтæ англисаг æвзагмæ ратæлмац кодта Владимир Пукиш (Будапешт, Венгри), нывтæ йын скодта Кокойты Мариа (Цхинвал, Хуссар Ир). Чиныг уæй кæнынц дукани «Аллон-Биллон»-ы (Сабырдзинады проспект, 12).




Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51; 25-92-72.



Цхуырбаты бинонтæ æмæ хæстæджытæ бузныг зæгъынц, сæ зыны сахат, Цхуырбаты Иваны фырт Вадимы зианы бон, сæ фарсмæ чи 'рбалæууыд, уыдонæн, æмæ хъусын кæнынц, йæ дыууиссæдзæм боны кæнд кæй уыдзæн дыццæджы, 7 апрелы, Михайловскы хъæуы К.Либкнехты уынджы 145а хæдзары.

**Для повышения плодородия почвы продаем качественный конский перегной и чернозем в мешках. Доставка. Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).**

**Кладка каминов, мангалов, отопительно-жаровочных комплексов, осетинских печей под газ и под дрова. Гарантия работы – 30 лет. Работают профессионалы. Тел.: 8-988-830-81-12 (Ирбек); 8-928-484-24-58 (Хамиц).**

**Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.**



Номыры радхæссæг редактор — **Хуыбиаты Ларисæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн – **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Дедегкаты Зæлинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2767. Заказ № 346. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**